



FÒM PREPARASYON FANMI AN



Enfòmasyon Enpòtan sou ou

Yon Fèy Enfòmasyon Ijans Pèsonèl se yon dokiman senp men enpòtan ke tout moun ta dwe genyen. Nan ka yon arestasyon, detansyon, oswa nenpòt lòt ijans, fèy sa a fèt pou paran, gadyen legal, oswa lòt manm fanmi adilt. Li bay non ak nimewo telefòn enpòtan ke yon moun kap bay swen oswa yon kontak ijans ta ka bezwen si ou pa kapab prezan.

Fèy enfòmasyon sa a gen ladan bagay tankou:

- Non konplè ak dat nesans
- A#, nimewo dosye imigrasyon
- Alèji, medikaman
- Nimewo asirans sante
- Enfòmasyon konsila
- Kontak ijans



[FÒM](#)

Fòm sa a pa bezwen notarye oswa temwen epi ou ka fasilman ranpli l poukont ou.

Enfòmasyon Enpòtan sou Pitit ou

Menm jan ak fèy enfòmasyon pèsonèl la, si ou se yon paran oswa yon gadyen legal, ou ka prepare yon fèy enfòmasyon pou pitit ou yo tou.

Fèy sa a ta gen ladan l:

- Non konplè ak dat nesans
- Nimewo Sekirite Sosyal
- Nimewo paspò
- Enfòmasyon medikal
- Enfòmasyon sou lekòl yo ak aktivite apre lekòl
- Kontak ijans, tankou nan peyi lakay yo, elatriy



[FÒM](#)

Fòm sa a pa bezwen notarye oswa temwen epi ou ka fasilman ranpli l poukont ou.

Pèmasyon pou Pran yon Chèk Peman

Fòm sa a sèlman enpòtan si ou resevwa salè ou atravè yon chèk. Nan fòm sa a, ou bay yon moun ou fè konfyans pèmasyon pou pran chèk peman w si ou pa kapab. Li enpòtan pou ou pale ak anplwayè w sou sa epi ba yo fòm sa a lè li fin ranpli.

Enfòmasyon/dokiman ki nesèsè yo:

- Non konpayi an oswa anplwayè a
- Non anplwaye
- Non konplè moun ki otorize pou pran chèk peman an

Fòm sa a bezwen notarye men li pa bezwen temwen.



[FÒM](#)



FÒM PREPARASYON FANMI AN



Pèmisyon pou Timoun Vwayaje

Fòm sa a pèmèt ou bay pèmisyon pou pitit ou vwayaje san ou. Li ka patikilyèman enpòtan pou fanmi k ap eseye reyini apre yo fin separe akòz detansyon oswa depòtasyon. Otorite tankou ofisyèl imigrasyon ak anplwaye konpayi avyon yo souvan mande fòm sa a lè yon timoun ap vwayaje poukont li oswa ak yon lòt moun ki pa yon paran, tankou yon fanmi oswa yon zanmi fanmi. Li sèvi kòm prèv ke timoun nan gen konsantman w pou vwayaje san ou. Chak paran dwe prepare yon fòm apa pou chak pitit yo. Ou ka ranpli li davans pou ou ka prepare.

Fòm nan dwe siyen devan yon notè epi li valab pou yon ane apati dat siyati a. Fòm sa a pa bezwen temwen.

Enfòmasyon/dokiman ki nesèsè yo:

- Non konplè paran an
- Adrès paran an
- Non konplè timoun nan
- Dat nesans timoun nan
- Peyi ak nimewo paspò timoun nan
- Destinasyon vwayaj ak rezon vwayaj la
- Si sa aplikab, non moun k ap pran swen an, peyi ak nimewo paspò a, adrès, telefòn, imèl
- Sètifika nesans chak timoun
- Paj byografik paspò chak timoun
- Paj byografik paspò paran an
- Paj byografik paspò moun k ap pran swen timoun nan / gadyen legal la
- Konsantman lòt paran an
- Si sa aplikab, sètifika lanmò lòt paran an
- Si sa aplikab, lòd tribinal pou gad timoun nan / gad legal



FÒM



FÒM PREPARASYON FANMI AN



Gadyen Rezèv

Titè sibstitisyon an pèmèt ou bay yon lòt granmoun tout otorite legal sou pitit minè ou a. Titè a entèvni sèlman si yon ijans ki dekri nan fòm lan rive—tankou si paran an vin malad grav, mouri, oswa yo arete l. Nan sitiyasyon sa a, titè a ap gen menm otorite ak yon paran, tankou kapasite pou vwayaje aletranje ak timoun nan, aplike pou dokiman yo, apwouve pwosedi medikal yo, epi enskri yo lekòl.

Fòm lan rete valab pandan 60 jou apre ijans lan kòmanse. Pandan peryòd 60 jou sa a, titè a dwe pote fòm lan nan Tribinal Fanmi an oswa Tribinal Siwogasyon an pou yon jij apwouve li. Yon fwa jij la apwouve gadyen rezèv la, li rete anplas jiskaske tribinal la deside otreman. Tribinal la ap eseye kontakte paran yo pou konfime yo dakò. Si yo pa ka jwenn youn oswa toulède paran yo (pa egzanp, si yo an detansyon), jij la ka pran yon desizyon san yo. Anvan tribinal la deside, li pral mennen ankèt sou gadyen rezèv potansyèl la ak kay yo, tankou verifikasyon dosye kriminel, pou asire yo an sekirite epi yo merite konfyans.

Paran yo pa pèdi okenn nan dwa yo, menm pandan gad legal la aktif. Ou ka anile fòm lan nenpòt ki lè tou senpleman lè w detwi li.

Fòm sa a pa bezwen notarye, men li dwe siyen devan de temwen adilt.

Enfòmasyon/dokiman ki nesèsè yo:

- Non konplè, adrès, ak nimewo telefòn paran an
- Non konplè, adrès, ak nimewo telefòn gadyen legal la chwazi a
- Non konplè(yo) ak dat nesans timoun nan(yo)
- Non konplè, adrès ak nimewo telefòn de temwen yo



FÒM





FÒM PREPARASYON FANMI AN



Fòm Deziyasyon Paran (OCFS-4940)

Fòm sa a pèmèt yon paran bay yon lòt granmoun otorizasyon tanporè pou pran desizyon lekòl ak medikal pou pitit yo. Li pa pèmèt adilt la vwayaje ak timoun nan, apwouve operasyon, aplike pou dokiman tankou yon paspò, oswa pran okenn desizyon ki depase edikasyon ak swen sante.

Fòm sa a anjeneral itilize lè yon paran pa ka pran swen pitit li pou yon ti tan akòz yon ijans. Adilt yo chwazi a ka pran desizyon lekòl ak medikal pou timoun nan pandan yon ijans ap dewoule. Paran an pa pèdi okenn dwa paran. Fòm sa a valab pou 12 mwa apati dat evènman an deklanche a, epi li ka renouvle. Se yon sèl paran ki bezwen siyen fòm sa a, sof si gen yon desizyon tribinal sou gad pataje.

Nan Eta Nouyòk, fòm sa a dwe notarye, men yo pa bezwen temwen.

Enfòmasyon/dokiman ki nesesè yo:


- Non konplè, adrès, ak nimewo telefòn paran an
- Non konplè, adrès, ak nimewo telefòn moun k ap pran swen an
- Non konplè ak dat nesans timoun nan(yo)
- Si sa aplikab, non konplè, adrès, ak nimewo telefòn gadyen legal la



FÒM

Gadyen Siplemantè (Ble) vs. Deziyasyon Paran (Vyolet)

Okenn nan de fòm yo pa pi bon pase lòt la, chwa yon fòm depann de sityasyon patikilye w ak bezwen ou yo.





FÒM PREPARASYON FANMI AN



Aplikasyon Paspò Ameriken pou Timoun

Si pitit ou a fèt Ozetazini, li se yon sitwayen ameriken. Si li gen mwens pase 16 an, li ta bon pou ou aplike pou yon paspò ameriken. Yon paspò pèmèt pitit ou a vwayaje antre ak sòti nan peyi a si sa nesèsè epi li sèvi kòm prèv ofisyèl sitwayènte ameriken l ak sityasyon legal li.

DS-11

Fòm prensipal pou aplikasyon paspò a rele DS-11, epi yo itilize li pou tout timoun ki poko gen 16 an. Moun nan dwe soumèt li an pèsòn nan yon kote yo aksepte paspò, tankou yon biwo lapòs oswa lòt sit otorize. Toulède paran yo dwe prezan pou aplike. Si paran yo pa ka la, yon gadyen legal kapab fè sa tou. Fòm sa a pa bezwen notarye oswa temwen, men tout moun ki enplike dwe ale an pèsòn.



[FÒM PRENSIPAL DS-11](#)

Fòm DS-3053

Si youn nan paran yo pa ka vini an pèsòn, ou ka itilize Fòm DS-3053 la. Fòm sa a pèmèt youn nan paran yo bay lòt paran an pèmasyon pou aplike pou paspò timoun nan san prezans fizik li. Sa a se yon fòm trè enpòtan pou prepare davans si gen yon risk detansyon oswa separasyon anvan ou soumèt aplikasyon an. Fòm sa a bezwen notarye men li pa bezwen temwen.



[DS-3053](#)

Fòm DS-5525

Si ou pa ka jwenn youn nan paran yo ditou, oubyen ou pa konnen ki kote li ye, w ap bezwen Fòm DS-5525 la. Yo itilize fòm sa a lè pa gen okenn fason pou jwenn akò dezyèm paran an akòz sikonstans famiyal espesyal. Fòm sa a pa bezwen notarye oubyen temwen, men w ap bezwen bay prèv ki jistifye sityasyon an.



[DS-5525](#)

Pou rezime:

- DS-11 se fòm estanda yo itilize lè toude paran yo prezan.
- DS-3053 ede lè youn nan paran yo pa ka la, men li ka bay yon akò notarye.
- DS-5525 se pou lè yo pa ka jwenn dezyèm paran an.





FÒM PREPARASYON FANMI AN



Aplikasyon Paspò Ameriken pou Timoun

Enfòmasyon/dokiman ki nesèsè yo:

- Sètifika nesans timoun nan (ki montre non toulède paran yo)
- Idantite toulède paran yo
- Si sa aplikab, dokiman gadyen legal
- Foto paspò timoun nan
- Frè - yon paspò pou yon timoun ki poko gen 16 an koute anviwon \$135, li ka pi chè si yo bezwen yon pwosesis rapid.

DS-11 (Fòm prensipal)

- Non timoun nan, sèks li, dat nesans li, kote li fèt, nimewo sekirite sosyal li, wotè li, koulè cheve l, koulè je l
- Adrès, imèl, nimewo telefòn
- Non paran yo, dat nesans, ak kote yo fèt

Form DS-3053 (si yon paran pa kapab la an pèsan)

- Non, dat nesans timoun nan
- Non, adrès, imèl, ak nimewo telefòn paran yo
- Si sa aplikab, non, adrès, ak nimewo telefòn gadyen legal la

Fòm DS-5525 (Si yo pa ka jwenn dezyèm paran an)

- Non, dat nesans timoun nan
- Non, adrès, imèl, ak nimewo telefòn paran/gadyen legal ki aplike a
- Non, adrès, imèl, ak nimewo telefòn paran/gadyen legal ki pa aplike a
- Kilè ak kijan dènye fwa ou te kominike avèk paran/gadyen legal ki pa aplike a?
- Deskripsyon tantativ ou te fè pou kontakte paran/gadyen legal ki pa aplike a
- Si sa aplikab, enfòmasyon sou zanmi/fanmi ke ou te itilize pou eseye kontakte paran/gadyen legal ki pa aplike a
- Eksplikasyon sou kijan ou te eseye jwenn konsantman nan men paran/gadyen legal ki pa aplike a epi poukisa ou pa t kapab fè sa.



Gid sa a se pou rezon enfòmasyon sèlman. Li pa yon konsèy legal. Si ou gen kesyon sou dwa ou, sitiyasyon famiyal ou, oswa ka imigrasyon w, ou ta dwe pale ak yon pwofesyonèl imigrasyon oswa yon pwofesyonèl ki kalifye.



Department of State
Office for New Americans

New Americans Hotline:
1-800-566-7636
Monday – Friday, 9 AM–8 PM EST
MULTI-LINGUAL AND CONFIDENTIAL